Ájiniyazdıń shayırdıń “Kóńilim meniń” qosıǵında túrk tiline awdarma islengen variantı tap, qaraqalpaq tilindegi sıyaqlı júdá tásirli shıqqan. Máselen:

Aşık yarsız, bülbül gülsüz,
Geyik çölsüz, suna gölsüz,
Ziyvar söyler, ilsiz, yurtsız,
Insan, garibana benzer.[ 3:131]

Shayır bul qosıqta úmitsizlikti adam ruwxınıń bosap qalǵan waqtın názik simvollar arqalı yaǵniy, tábiyattıń bir bólekleri menen súwretlep beredi. Ashıq yarsız, búlbúl gúlsiz, kiyik shólsiz, sona kólsiz qalıp atır. Bular bir-birisiz ómir súre almaydı. Sebebi jaratılıs olardı solay jaratqan. Sol sıyaqlı insan da muhabbatsız, watansız úmiti úzilgen biysharaǵa aylanıp qalıwı sózsiz. “Qosıqta ashıq iyman izlegen, haq diydarına ıntıq bolǵan suwfiydiń obrazın, yar ashıq (suwfiy) arman etken haq diydarı, ruwxıy dúnya, búlbil − ashıqlıqtıń rámzi, gúl yardıń rámzi. Ájiniyaz bul orında rámziy obrazlardı isletiw arqalı ata mákan, Watan máselesin kóteredi, oqıwshıda azamatlıq sezimler oyatadı”.[ 4:38]

Juwmaqlap aytqanda, biz Húseyin Yıldırımnıń túrk tiline awdarǵan qosıqların az da bolsa sholıwǵa, olardı qaraqalpaq tilindegi variantı menen salıstırıwǵa háreket ettik. Biraq bul jumıs ele de tereń izertlewdi, túrk tili menen hár tárepleme salıstırmalı úyreniwdi talap etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Hüseyin Yıldırım. Karakalpak şairi Äjiniyaz Kosıbay ulı. − Istanbul: «Türk Akademisi», 2024.
2. Байниязов Қ. Қосықтың куши. − Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
3. Генжемуратов. Б. Әжинияз. Еркин Қарақалпақстан. 2024. №138.
4. Жәримбетов Қ. Ашық Зийуар (Әжинияздың ашықлық лирикасының жанрлық өзгешеликлери, образлар дуньясы). Илимий очерк. − Нөкис: «Билим», 1998.

## “ÁYYEMGI QARAQALPAQLAR” ROMANÍNÍŃ IDEYA-TEMATIKALÍQ ÓZGESHELIGI

*Qaypbergenova Azada Muratbaevna*
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı*

Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq prozası burın qol urılmaǵan temalarǵa, ideyalarǵa qálem terbetiwde, el tariyxında úlken ornı bar real shaxslardıń kórkem obrazın jaratıwda, qaharman xarakterin jasaw jolında burıngı qatıp qalǵan kestelerden, stereotiplerden qutılıwda, jańasha janrlıq, stillik shoqqılardı iyelewde belgili tabıslarǵa eristi. Usınday jańa ideya-tematika hám janrlıq, stillik izlenisler menen sátli qálem terbetken jazıwshılardıń biri A.Ábdiev boldı.

A.Ábdiev ǵárezsizlik dáwirinen baslap qaraqalpaq ádebiyatında tabıslı dóretiwshilik etip kiyatırǵan jazıwshılardıń biri. Onıń prozadaǵı aktiv poziciyası elege shekem bilinedi. Sebebi, jazıwshınıń avtorlıǵındaǵı shıǵarmalar tez-tezden baspa júzin kórip kelmekte. Jazıwshınıń jaqında baspadan shıqqan – “Áyyemgi qaraqalpaqlar” (Ómir, Ólim hám Ómir) romanı da, onıń dóretiwshiligindegi eń qunlı shıǵarmalardıń birine aylandı.

Jazıwshınıń jańa romanı negizinde dilogiya bolıp, onıń birinshi kitabı 2024-jıl baspadan shıqtı. Romannıń ekishi ataması “Ómir, Ólim hám Ómir” dep ataladı. Dilogiyanıń “Áyyemgi qaraqalpaqlar” atamasında baspanı jarıq kórgen birinshi romanın haqıyqıy kórkem tariyxıy shıǵarma dewge boladı. Sebebi onda, qaraqalpaqlardıń ertedegi ata-babaları bolǵan sak-massaget qáwimleri turmısındaǵı hár qıylı waqıyalar jazıwshı kórkem qıyalında qayta islenip, tarıyxıy shıǵarma etip jaratılǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń XVIII-XIX-ásirlerdegi kórkem tariyxın ullı jazıwshımız Tólepbergen Qayıpbergenov “Qaraqalpaq dástanı” trilogiyasında sáwlelendirgen edi. Onnan arıdaǵı Noǵaylı dáwir arpalısların jazıwshı hám ilimpaz Kamal Mámbetov, al Túrkstan dáwirin J.Muratbaev “Dıǵırıq” romanında dóretse, túrkiy xalıqları, sonıń kóleńkesinde (fonında) qaraqalpaq xalqınıń kórkem tarıyxın

"Ullı dasht bórileri" romanında belgili shayır hám jazıwshı Keńesbay Karimov jazǵan bolsa, jazıwshı A.Ábdiev onnan da ertedegi dáwir waqıyaların súwretlewdi maqsetip etip, qaraqalpaqlardıń áyyemgi ata-babasınıń turmısın súwretlewshi jańa romanın baspadan shıǵardı.

Jańa roman negizinde eki kitaptan ibarat. Onıń ataması "Ómir, Ólim hám Ómir" (dilogiya) bolıp, "Áyyemgi qaraqalpaqlar" romannıń birinshi kitabı. Roman "Ámiwdárya" jurnalında tolıq járiyalandı, azlı-kem redaktorlawlar menen 2024-jılı Tashkenttegi "Tamaddun" baspasında romannıń birinshi bólimi  óz aldına kitap bolıp basıldı.

Gúrrińniń sheberi sıpatında ózin kórsetken jazıwshı A.Ábdiev prozanıń úlken janrına qol urıp, "Jin-Jıpırlar uyası" romanı menen tabısqa erisken edi [1:46]. Sonıńan ol tarıyxıy roman dóretiwdi maqset etip, "Ómir, Ólim hám Ómir" dilogiyasın jarattı.

Qaraqalpaq xalqınıń áyyemgi xalıqlardan ekenligi ilimiy jaqtan dáliyllengen. Jazıwshı jańa romanında qaraqalpaqlardıń áyyemgi sak-massaget dáwirine súńgip, xalqımızdıń tereńdegi tarıyxın dál, isenimli túrde kórkem sáwlelendiriwge miyassar bolǵan. Sak-massaget qaraqalpaqlarınıń turmıs-tirishiligi sırtqı jawlar menen qıyan-kesti urısları tarıyxıylıq sheńberinde kórkem tilde, sheber ashıp berilgen.

Qaraqalpaqlardıń ertedegi ata-babası sak-massaget qáwimi turmısı, tarıyxta ańızlar tiykarında qaraqalpaq jazıwshı-shayırları tárepinen burın da jaratılǵan edi. I,Yusupovtıń "Tumaris hám basqalar" poeması, G.Dáwletovanıń "Tumar qız" poeması, S.Bahadirovanıń "Tumaris" povestinde Tumaris obrazı jaratılıp, sak-massagetler turmısı haqqında jarıtılǵan edi. Jazıwshınıń jańa romanı tematikalıq jaqtan bul shıǵarmalarǵa usas bolǵanlıǵı menen, onda avtordıń poziciyası menen kórkem qıyalı ayqın sezilip turadı. Roman syujetinde bolsa avtordıń qatal jantasıp, onı túrli folklordaǵı ańız-áńgimeler menen bayıtqanlıǵın kóremiz. Mine usı tárepi menen roman syujeti ózinen burın dóregen tematikalıq jaqtan usas shıǵarmalardan ózgeshelenip turadı.

Jazıwshınıń dúnya táshiwishleri menen jasawı, jamanlıqtıń, urıs-qaǵıstıń aldın alıp, jaqsılıqtıń urıǵın kóplep shashılıwı haqqındaǵı oy-pikirleri shıǵarmanıń dóretiwine tiykar bolǵan. Bunı romannıń prologınan kóriwge boladı. Prologta Adamzat jámiyetiniń tınıshsızlıǵı, unamsız isleriniń kópligi, bir-birin kóre almay, ruwxıy azıwı sebepli jer betinde tirishilikti joq etip alıwdıń qarsańında turǵanlıǵı, tańriniń bendesine nariyza bolıwı menen birge onı qollawı, tirishiliktiń saqlap qalınıwındaǵı is-háreketler súwretlengen.

Shıǵarmadaǵı obrazlar haqqında jazıwshınıń ózi bılay deydi: "Sonıń ushın da dilogiyanıń baslı qaharmanı márhámátlı ullı jaratıwshımız Quday (Alla), bunnan soń ǵana Qaratas-Qayraq, Qarakóz arıw, Tumar, Qara Alp Saq, Qaplanbek, Qańlıbek, Sapar qaǵan, Barıs palwan, Aybalta qaǵan, Qarshıǵa qaǵan...lar desek te qáte bolmaydı" [2:27]. Jazıwshı shıǵarmanıń baslı oraylıq tulǵası sıpatında Qudaydı kórsetse de, negizinde shıǵarmadaǵı barlıq waqıyalar Tumardıń obrazı átirapında jám boladı, tiykarǵı dıqqat-itibar Tumar obrazınıń jaratılıwına qaratılǵan.

Jazıwshınıń bul romandaǵı izleniwsheńligi bas qaharmandı Tumar dep atawınan-aq kórinedi. Óytkeni, belgili tarıyxshı Gerodottıń "Tarıyx" kitabında Tumaris hám Kir arasındaǵı qırǵın sawash waqıyaları súwretlengeninde, ol Tumaris atamasına túsinik berip ketken. Gerodottıń jazıwınsha, "Patsha qızdıń negizgi ismi Tamır (Tumar) bolǵan. Ertedegi túrkiy qáwimler tilinde atlıq sózlerdi ańlatıw ushın –is qosımtası qosılǵanlıqtan, onıń atı Tamıris, (Tumaris) sıpatında ózgertilip aytılǵan [3:146]. Sonday-aq, Gerodot sak-massagetlerdiń jasaw tárizi, turmısına baylanıslı waqıyalardı da jazıp qaldırǵan. romandaǵı waqıyalar bolsa jazıwshınıń jazǵanına sáykesligi, shıǵarmada tarıyxıy shınlıqtıń kórkem túrde jaqsı berilgenligin kórsetedi.

Sonday-aq, roman syujetinde folklordaǵı Tumar hám onıń atası, ákesi, pútkil xalqınıń kún-kórisi negizinde qaraqalpaq xalqınıń ótmishi, xalqımızdıń payda bolıp, qáliplesiw dáwirlerindegi qım-qıyǵash waqıyalar alıs dáwirlerge tiyisli jaratılıs, Adam Atanıń payda bolıwı, Topan suwı, Hayallar patshalıǵı haqqında, Zariadr hám Odatida, Striangiya, Efas, Turk, h.b.da rawiyat, ápsanalardı paydalanıw nátiyjesinde kórkem sáwlelendirilgen [4].

Shıǵarmanıń ekinshi kitabı haqqında ilimpaz J.Esenov penen bolǵan sáwbetinde: "Al dilogiyanıń ekinshi kitabı – "Órkeniyat" (Civilizaciya) ta bolsa, Allataala inayatı menen alıs ótmishte tuwılıwı shárt bolǵan saǵıyranıń búgingi zamanda tuwılıp, jasawı waqıyaların sáwlelendiriwdi niyet etip otırman", - dep avtor aytıp ótedi. Roman dialogiyada jazıwshı qaraqalpaqlar arasında Adam ata hám Hawa ene túsinikleri, diniy bilimler qáliplesip baslaǵan dáwirlerdi de óz ishine qamtıp jazıwǵa háreket etedi. Bunnan kóriwge boladı, jazıwshı "Ómir, Ólim hám Ómir" dilogiyasınıń "Áyyemgi qaraqalpaqlar" degen dáslepki bóliminde qaraqalpaqlardıń erte dáwirdegi turmısı súwretlese, ekinshi "Órkeniyet" degen bóliminde búgingi kúnniń turmıs waqıyaların súwretlewdi maqset etken. Onda búgingi turmısımızdaǵı hár qıylı máselelerdi jarıtıp, adamzattıń ótmishi hám keleshegi haqqında oylandırıwǵa shaqıradı.

Romanda qaraqalpaqlardıń tarıyxıy ótmishi dáwirler kesiminde sóz etilip, sak-massagetlerden keyingi turmısı haqqında qısqasha bayanlanadı. Qaraqalpaq xalqınıń sak-massaget dáwirlerinen kóp keyin payda bolǵanı tabjılmas shınlıq. Biraq búgingi qaraqalpaqlar da, ilimpazlar tárepinen sak-massagetlerden kelip shıqqanı aytılsa, usı kózqarastan Qara Alp Aq, Aq Alp Aqlar qaraqalpaqqa, Boztay kósem, Ay Alpın, Pırjan qaǵanlar, Bórixan, Qaratay kósemler mańǵıt qáwimizge, Nókis, Dobal, Aybalta, Esterek, Janaydarlar kenegeske, Buwra xan, Genjekler múytenge, Toqsaba. Qaplanbek kósem, Aspantay bahadırlar qıpshaqqa, Reyipnazar shaljuwıtqa, Jádiger saqıwǵa, Tanabay kólegenge, Qarlı qataǵanǵa, Tastaybek shomaqqa, Qarshıǵa qaǵan qarasıyraqqa, Baybota úysinge, Barıs palwan baymaqlıǵa baba bolǵanbısh desek qáte bola qoymas.

Juwmaqlap aytqanda, A.Ábdievtiń "Áyyemgi qaraqalpaqlar" romanında adamlar arasındaǵı ala awızlıq, dunyadaǵı tınıshsızlıqdı keltirip shıǵarǵan adamlardıń tirishilikti saqlap qalıwǵa háreket etiwleri, sak-massaget qáwiminiń turmısı mısalında ashıp berilgen. Onda jazıwshı dúnyanıń tınısh bolıwı, xalıqlar doslıǵı, milletler ara keńpeyillik, diniy bawrıkeńlik ideyaların baslı orında súwretlegen.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Нуржанов . Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. –Нөкис: «Билим», 2003.
2. Есенов Ж. Буркит паруаз доретиуши. –Тошкент: "Adabiyot", 2025.
3. Геродот. История. -Ташкент, 2005.
4. Әбдиев А. Әййемги қарақалпақлар («Өмир, Өлим ҳәм Өмир» дилогиясының биринши китабы). Роман. Ташкент, 2024.


## X. DÁWLETNAZAROV POEZIYASÍNDA LIRIKALÍQ QAHARMAN OBRAZÍ

*Qosbergenova Bekziya Ayapbergen qızı*
*QMU magistrantı.*

Házirgi kúnde qaraqalpaq ádebiyatında obrazlar sisteması, lirikalıq qaharman obrazları keń túrde úyrenilmekte. Lirikalıq qaharman obyektiv hám subyekiv elementtiń birliginen ibarat bolıp, shayırdıń ruwxıy dúnyasınıń baylıǵı, ózgesheligi bir-birinen ajıralmas túrde jámlengen boladı [1:14]. Demek, biz lirikada lirikalıq qaharman arqalı shayırdıń ruwxıy dúnyasın kóre alamız. Hárbir shayır óz qosıqlarınıń mazmunın, áhmiyetin, tásirsheńligin ashıp beriwde lirikalıq qaharman obrazınan paydalanadı. Haqıyqatshıl shayır dep atalǵan X.Dáwletnazarov qosıqlarıda tereń lirizim menen suwǵarılǵan bolıp, onda ótkir poetikalıq qatarlar, mazmunnıń tereńligi lirikalıq qaharman obrazları arqalı anıq jetkerilip berilgen.

X.Dáwletnazarov házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń talantlı lirik shayırlarınıń biri. Shayır poeziyasınıń tiykarǵı ózgesheliklerdiń biri – bul onıń haqıyqatqa umtılıwı, haqıyqatlıqtı, gúmanistlik ideyalardı óz qosıqlarında sheber jarıtıp bere alıwı.

Sezemen olardıń kózleri nurǵa,
Júrekleri ullı ármanǵa tolı,